Муниципальное бюджетное общеобразовательное учреждение
средняя общеобразовательная школа с.Мичурино
Ардонского района РСО-Алания

Рассмотрено на заседании ШМО
Рук-ль ________ Вазиева Л.В.
Протокол № 1
от «31» 08 2022 г.

Согласовано:
Зам. директора по УВР
________.Беленко Н.М.
«31» 08 2022 г.

Утверждаю:
Директор МБОУ СОШ с. Мичурино
________ Гаглоева Б.Н.
Приказ № 09-40.21
от «1» 09 2022 г.

# КУСÆН ПРОГРАММÆ
# ИРОН ÆВЗАГÆЙ
# 3 КЪЛАСС



Ахуыргæнæг: Гаппуаты Р.Н

2022-2023

Æртыккаг къласæн «Ирон æвзаджы чиныг» араз- гæйæ, нæ размæ сæвæрдтам æрмæст æвзаджы æрмæг ба- цамонынц хæс нæ, фæлæ скъоладзауты ныхасы хъæд, се сфæлдыстадон хъуыдыкæнынад, сæ дзырдуатон сконд хъæздыг кæнынц хæс дæр.

Уымæ гæсгæ ахуыргæнæн чиныджы æрмæг арæзт у афтæ, цæмæй скъоладзаутæн феххуыс уа сæ дзургæ ныхас дæр æмæ сæ фысгæ ныхас дæр рæзын кæнынæн.

Æртыккаг къласы ахуырадон æрмæг фæвазыг- джындæр вæййы, дыккаг къласимæ абаргæйæ. Уыцы зындзинæдтæ хынцгæйæ, скъоладзаутæн цы æрмæг амынд цæуы, уый хъуамæ æмбæрстгонд цæуа бæстонæй æмæ дзуапп дæтта ахæм фæрстытæн – Цæмæн хъæуы ацы æрмæг? Цæй тыххæй йæ ахуыр кæнæм?

Цæмæй ацы фæрстытæн дзуапп раттын къухы æнцонæй бафта, уый тыххæй грамматикон æрмæг хъуамæ амынд цæуа лексикон æрмæгимæ æнгом бастæй.

Чиныджы æрмæг лæвæрд цæуы тематикон прин- ципмæ гæсгæ. Ныхасы темæ æмæ æвзаджы æрмæджы темæ кæрæдзиуыл сты æнгом баст, ома скъоладзаутæн грам- матикон æрмæг амынд цæуы бæлвырд ныхасы темæимæ сæ зонгæ кæнгæйæ, зæгъæм: «Миногон» амынд цæуы цæрæгойты цардимæ баст цаутæ, радзырдтæ, æмбисæндтæ, уыци-уыциты бындурыл.

Фæлтæрæнты хæслæвæрдты фæрцы скъоладзаутæн æрмæг цæттæйæ лæвæрд нæ цæуы – фæрстытæ афтæ лæ- вæрд сты, æмæ скъоладзаутæ сæхæдæг хъуыды кæндзысты æмæ арæхсдзысты хатдзæгтæ кæнынмæ, ома базондзысты термин кæнæ раиртæст; хæслæвæрдтæ сты афтæ арæзт, цæмæй скъоладзаутæ алы уавæрты дæр арæхсой дзурынмæ.

Чиныджы цы текстæ лæвæрд цæуы, уыдон скъола- дзауты зонгæ кæнынц сæ алыварс царды æцæгдзинадимæ.

Сывæллæттæ базонгæ уыдзысты афæдзы афонтимæ, сæ алыхуызон миниуджытимæ, сæ хицæндзинæдтимæ; скъо- лайы цардимæ; базондзысты, куыстæн, фæллойæн царды цы стыр ахадындзинад ис, уый; базондзысты, адæймаджы хорз миниуджытæ йе 'гъдауимæ баст кæй сты, уый; базонгæ уыдзысты хъæуккаг æмæ горæтаг цардимæ, сæ хицæндзинæдтимæ, нæ республикæ æмæ нæ бæстæйы зынгæ бынæттимæ, цыртдзæвæнтимæ; сæвзæрдзæн сæм уарзондзинад сæ Райгуырæн бæстæмæ; сахуыр уыдзы- сты хистæртæн кад æмæ æхххуыс кæнын, æмбалæн аргъ кæныныл; базондзысты бирæ æмбисæндтæ æмæ уыци- уыцитæ.

Ныхасы рæзтыл куыстæн цы уацмыстæ лæвæрд цæуы, уыдонмæ лæвæрд хæстæ æххæстгæнгæйæ, скъо- ладзаутæ базонгæ уыдзысты диалогон æмæ монологон ныхасимæ. Уыдонæн сæ ахадындзинад стыр у, уымæн æмæ кæрæдзиимæ ныхасгæнгæйæ, кæнæ хи хъуыдытæ дзургæйæ, скъоладзаутæ тагъддæр фæцалх вæййынц дзу- рыныл, баст ныхасы архайныл.

Æрмæг амынд цæуы бæстон, лæмбынæг, фæлæ къæпхæнгай, урочы алы этап дæр хицæнæй æвзаргæйæ.

Ирон æвзаджы урочы размæ цы нысантæ æвæрд цæуы, уыдон хынцгæйæ ахуыргæнæн чиныджы æрмæг дзуапп дæтты ахæм хæстæн: «Куыд арæзт у не 'взаг? «Раст- фыссынад», «Ныхасы рæзтыл куыст».

Скъоладзаутæ базонгæ уыдзысты хъæлæсонтæ æмæ æмхъæлæсонты хицæндзинæдтимæ; дзырдты арæзт æмæ сæ хæйттимæ; арфдæр æмæ уæрæхдæрæй базондзысты ны- хасы хæйттæ æмæ сæ грамматикон æууæлтæ; хъуыдыйады арæзт; базондзысты растфыссынады æгъдæуттæ, сæ ба- хъуыды кæнынц мадзæлттæ.

Чиныг арæзт у афтæ, æмæ уыцы иу урочы скъоладзаутæ, бæлвырд кæцыдæр грамматикон темæ

ахуыргæнгæйæ, сæ зæрдыл лæууын кæнынц æндæр æрмæг дæр, ома хъус дард цæуы фонетикон, лексикон, дзырдарæзтон, морфологион, синтаксисон фæзындтæм: дзырдтæн скæнын мырон-дамгъон анализ; сбæрæг кæнын дæргъвæтин æмхъæлæсонты растфыссынад;

сбæрæг кæнын хъуыдыйæдтæ сæ загъды нысанмæ гæсгæ, сæ арæзтмæ гæсгæ; фæбæрæг кæнын дзырды хæйттæ; дзырдтæн ссарын сæ хъуыдымæ гæсгæ хæстæг кæнæ ныхмæвæрд дзырдтæ.

Æртыккаг къласы ахуыргæнæн чиныджы æппæт уроктæ дæр райдайынц ныхасы рæзтыл бакусынæн лæвæрд фæлтæрæнæй. Дарддæр, уыцы фæлтæрæны æрмæгыл æнцойгæнгæйæ, лæвæрд цæуы грамматикон æрмæг.

Методикон амындтытæ лæвæрд цæуынц алы урокмæ дæр. Амынд дзы цæуы, алы фæлтæрæны дæр хъус цæмæ æрдарын хъæуы, уый.

Скъоладзауты цæттæдзинад хынцгæйæ, фæлтæ- рæнтæм лæвæрд хæслæвæрдтæ ис баивæн *(кæнæ бынтон фæуадзæн)*.

Кæцыдæр фæлтæрæнтæм лæвæрд цæуы уæлæмхасæн хæслæвæрдтæ æмæ фæрстытæ. Уыдонимæ куыст цæуы ахуыргæнæджы цæстæнгасмæ гæсгæ *(хыгъд цæуы урочы рæстæг, скъоладзауты цæттæдзинад)*.

Алы урокмæ дæр лæвæрд цæуы дзырдуатон æрмæг, дзырдты нысаниуджытæ æмбæрстгонд цæ- уынц, ахуыргæнæн чиныджы фæстаг фæрстыл цы «Æм- барынгæнæн дзырдуат» ис, уым.

Ацы методикон амындтытæ лæвæрд цæуынц 3-аг къласы ахуыргæнæн чиныджы æрмæг æнцонæй æмæ мето- дикон æгъдауæй раст бацамоныны тыххæй.

Алы ахуыргæнæгæн дæр йæ бон у йæхи хъуыдымæ æмæ фæндонмæ гæсгæ уроктæм ивддзинæдтæ бахæссын.

«Ирон æвзаг æмæ литературæйы программæ 1-4 кълæстæн» Дзампаты Л, Дзæуджыхъæу, ЮНЕСКО, 2018 - ы хæстæ баххæст кæныны тыххæй пайда конд цæуы чиныг æмæ методикон амындтытæй:

- Дзампаты Ларисæ. Ирон æвзаг: 3 къласæн
- Дзампаты Ларисæ.Методикон амындтытæ 3-æм къласы ирон æвзаджы чиныгмæ.

# I. СÆЙРАГ ДОМÆНТÆ СКЪОЛАДЗАУТЫ ЗОНЫНДЗИНÆДТÆМ ÆМÆ АРÆХСТДЗИНÆДТÆМ

**Скъоладзаутæ 3-аг къласы фæудмæ базондзысты**

– æмкъай зылангон æмæ æзылангон æмхъæлæсонтæ;
– æмхъæлæсонты кæрæдзийы ивынад;
– дзырды хæйттæ;
– дзырдты растфыссынад разæфтуантæ æмæ фæсæфтуантимæ;
– дзырды ахæсгæ нысаниуæг;
– синонимтæ æмæ антонимтæ;
– номдар, миногон, мивдисæг;
– хъуыдыйады сæйраг æмæ фæрссаг уæнгтæ;
– хуымæтæг цыбыр æмæ хуымæтæг даргъ хъуыдыйæдтæ, сæ интонацион арæзт;
– æрхæцæн нысæнтты хуызтæ хъуыдыйады кæрон;
– текст аразын;
– раст æмæ сыгъдæг фыссыны æгъдæуттæ.

**Скъоладзаутæ 3-аг къласы фæудмæ арæхсдзысты**

– дзырдтæ мырон-дамгъон æвзæрст кæнынмæ;
– зылангон æмæ æзылангон æмхъæлæсонтæ раст фыссын æмæ дзурынмæ;
– дзырдтæ сæ арæзтмæ гæсгæ æвзарынмæ;
– разæфтуантæ æмæ фæсæфтуантæй дзырдтæ аразынмæ;
– дæргъвæтин æмхъæлæсонтæ раст дзурын æмæ фыссынмæ;
– æмуидагон дзырдтæ агурынмæ;
– ныхасы хæйттæ кæрæдзийæ иртасынмæ;
– хъуыдыйæдтæ загъды нысанмæ гæсгæ иртасынмæ æмæ сæ раст хъæлæсы уагæй кæсынмæ;
– предметты нæмттæ æмæ æууæлæвдисæг дзырдтæй дзырдбæстытæ аразынмæ;
– хъуыдыйады сæйраг æмæ фæрссаг уæнгтæ амонынмæ; хуымæтæг даргъ хъуыдыйæдтæ аразынмæ;
– хъуыдыйады мидæг дзырдты бастдзинæдтæ бæрæг кæнынмæ;
– лæвæрд схемæтæм гæсгæ хъуыдыйæдтæ аразынмæ;
– дзырдтæ сæ нысаниуджытæм гæсгæ иртасынмæ, къордтæ сæ кæнынмæ;
– иумæйаг пъланмæ гæсгæ сочиненитæ æмæ изложенитæ фыссынмæ (60-70 дзырды онг);
– текст фыссынмæ, хæйттыл æй дих кæнынмæ;
– тексты темæ æмæ сæйраг хъуыды бæрæг кæнынмæ;
– тексты хъæугæ информаци агурын æмæ йын сæргонд хъуыды кæнынмæ;
– текст хæйттыл дих кæнын, йæ алы хайæн дæр сæргонд дæттынмæ;
– тексты мидис фæрстытæм гæсгæ æвзарынмæ;
– диалогон ныхасы архайын, цымыдисдзинад, разыдзинад кæнæ æнæразыдзинад æвдисынмæ;
– хъæугæ информаци райсыны тыххæй фæрстытæ дæттынмæ;
– искæимæ ныхас кæнгæйæ, хъусын зонын, хъуыды дарддæр хæццæ кæнын, фæбæлвырддæр æй кæнынмæ;
– ныхасы темæ ивын, алыхуызон фæрстытæй пайда кæнынмæ;
– арфæ кæнын, хатыр курынмæ;
– цауы, хабары тыххæй дзургæйæ, хи цæстæнгас æвдисынмæ;
– хъуыды хуыздæр зæгъыны тыххæй синонимтæй, антонимтæй, дзырдты ахæсгæ нысаниуджытæй пайда кæнынмæ;